*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№60 (26033)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 6 апрель — хуымгæнæны мæйы 6 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪУЫДДАДЖЫ НЫХАС — *Ивгъуыды хатдзæгтæ æмæ фидæны нысантæ*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС — *Æнцойбон*
4 АИВАД — *Зындгонд актеры номыл*

Æмбырд

# Æнæзакъон финансон архайды ныхмæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО видеоконференцбастдзинады хуызы архайдта Цæгат Кавказы федералон зылды æнæзакъон финансон операциты ныхмæ ведомствоты 'хсæн кусæг къорды æмбырды. Мадзал сарæзта æмæ амыдта Уæрæсейы Федерацийы Президенты Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын минæвар Юрий ЧАЙКА.**

Боны фæткыл ныхасы архайдтой зылды субъектты сæргълæуджытæ, регионты æмæ зылды барадхъахъхъæнæг дæлхайæдтæ æмæ профилон сконды разамонджытæ, ресурсдæттæг компаниты минæвæрттæ.

Сæйрагдæр фарстатæй иу – цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ артаг-энергетикон комплексы цæстфæлдахæн митæ скуынæг кæнын.

Юрий Чайка куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бæстæйы разамынд абон егъау хæстæ æвæры цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ артаг-энергетикон комплексы объектты рæзт æмæ модернизацийы тыххæй, æмæ сын уагъд цæуы дзæвгар финансон фæрæзтæ бюджетæй.



Ведомствоты 'хсæн кусæг къорд уый тыххæй акционерон æхсæнæдтæ «Россети Северный Кавказ» æмæ «Газпром Межрегионгаз»-ы размæ бæлвырд хынцинæгтæ сæвæрдта, фæлæ нырма æххæстгонд нæма 'рцыдысты.

– Фыдгæнджытæ æнæзакъонæй фæхъæздыгдæр уæвыны тыххæй ресурсдæттæг куыстуæтты иуæй-иу кусджыты æххуысæй пайда кæнынц хызты æдзæллаг техникон уавæртæй, сæ иуæй-иу хæйттæ æнæхицау кæй сты, уымæй, инфраструктурæйы æдзæллагдзинад æмæ энергоресурсты нымайæн системæйы æнæххæстдзинадæй. Экономикæйы æппæт уыцы хъæндзинæдтæ тæссаг уавæр сæвзæрын кодтой социалон къабазы æдасдзинадæн, æвзæрæрдæм зынынц адæмы царды хъæдыл, – бафиппайдта Юрий Чайка.

Зылды артаг-энергетикон комплексы рæзт уромы, цы ресурстæ хардзгонд цæуынц, уыдоны фиддонтæ афойнадыл фыст кæй нæ цæуынц, стæй фæлхасгæнджытæм хæццæ кæнгæйæ фæндагыл сæфтытæ. Ранымад лыггæнинаг фарстатæ хауынц фылдæр профилон куыстуæттæм, бæрæг кæнынц, æнæзакъон финансон операциты ныхмæ дзы фаг архайд кæй нæ цæуы.

Æмбырды фæлгæты Сергей Меняйло радзырдта, Цæгат Ирыстоны цы мадзæлттæ арæзт цæуы, ууыл. Цæмæй фиддонтæ афойнадыл фыст цæуой, æмæ ресурсдæттæг куыстуæтты архайд фæхъомысджындæр уа, уый тыххæй, Уæрæсейы Федерацийы Хицауады уынаффæмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстон хаст æрцыд энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куыстуæтты æнæцудгæ экономикон рæзты фæлварæн проектмæ. Проектмæ гæсгæ арæзт цæуынц иугонд оператортæ дондæттæн, донуадзæн æмæ тæвддæттæн сферæты. Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдар Михаил Мишустины фæдзæхстмæ гæсгæ, 2021 азы фидаргонд æрцыд программæ «РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ артаг-энергетикон куыстуæтты æнæцудгæ экономикон рæзт».

– Программæ царды рауадзыны тыххæй арæзт æрцыдысты иугонд оператортæ дондæттæн, донуадзæн æмæ тæвддæттæн сферæты, – бафиппайдта Сергей Меняйло.

Республикæйы Сæргълæууæг ма йæ ныхасыл бафтыдта, ногарæзт дондæттæг æмæ донуадзæг куыстуаты филиалты кæй сæвæрдтой, экономикон æгъдауæй раст бындур кæмæн ис, донæн ахæм тариф. Уыимæ, уыцы тариф фæбæрзонддæр æрмæстдæр юридикон скондтæн, адæмæн нæ фендæрхуызон, тарифты 'хсæн хъауджы та æхгæд цæуы федералон фæрæзтæй.

Сергей Меняйло бафиппайдта, апрелы кæронмæ Æрæфы районы дондæттæн хызтæ, Рахизфарсы æмæ Горæтгæрон районты ма цы исбонад баззад, уыдон кæй бацæудзысты иугонд операторы балансмæ. Мæздæджы районы уыцы куыст фæуыдзæн ацы аз июны кæрон.

Æмбырды ма æркастысты, бюджетон фæрæзтæй хъахъхъæнынады паддзахадон заказ æххæст кæныны фæрæзтæ цæмæй дзæгъæл хардзгонд ма цæуой, уый бæрæггæнæг кусæг къорды архайды бæрæггæнæнты фарстамæ.

Æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Федерацийы Æххæстбарджын минæвар бæлвырд фæдзæхстытæ скодта æмбырды архайджытæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Парламенты советæй

# Æвзарджытæм хæстæгдæр уæвын

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы уыд радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Ацы хатт советы уæнгтæ се 'мбырд ахастой Рахизфарсы районмæ. Æмбырды размæ Парламенты Сæрдар бабæрæг кодта Цæлыччы ногарæзт скъола æмæ, бындурон цалцæггонд чи æрцыд, хъæуы уыцы Культурæйы хæдзар. Йемæ уыд Рахизфарсы районы минæвæртты æмбырды сæрдар, районы муниципалон сконды сæргълæууæг **Фрайты Сослан**. Скъолайы директор **Дзгойты Джульеттæ** куыд радзырдта, афтæмæй сæ ахуырдзауты нымæц у 171. Скъола йæ уавæртæм гæсгæ дзуапп дæтты ахуырады æппæт нырыккон домæнтæн. Ис сæм «Рæзты тæлм», кадетон кълас, ног ифтоггæрзтимæ хæрæндон. «Ивгъуыд аз нæ рауагъдонтæ уыдысты æрмæстдæр аст адæймаджы, фæлæ равдыстой бындурон зонындзинæдтæ æмæ се 'ппæт дæр бацыдысты уæлдæр ахуыргæнæндæттæм, иу та дзы ахуыр кæны Мæскуыйы», – загъта скъолайы директор.





Бынæттон Культурæйы хæдзары цардимæ Парламенты Сæрдары базонгæ кодта йæ разамонæг **Хъæрджынты Алевтинæ**. Куыд радзырдта, афтæмæй сæм кусы фондз аивадон къорды, кæстæртæ дзы архайынц стыр æхсызгонæй, алы къуыри дæр бацæттæ кæнынц алыхуызон культурон мадзæлттæ. Сæ уавæртæй сты разы, фæлæ сæм ис тыхстаг фарстатæ дæр. «Нæй нæм концертон уæлæдарæс, уый аххосæй искуыдæм рацæуыны æмæ не сфæлдыстадимæ иннæ хъæутæ æмæ районты цæрджыты базонгæ кæныны фадат нын нæй», – зæгъы Алевтинæ.

Парламенты Сæрдарæн уыд, рагацау пълангонд чи нæ уыд, бынæттон цæрджытимæ ахæм фембæлд дæр. Куыд алы хъæуы, афтæ Цæлыччы дæр ис лыггæнинаг фарстатæ. Зæгъæм, æхсызгонæй сæ хъæуы ног рæвдауæндон, тротуартæ, кæм хъæуынц, уым алы ран нæй. Уæдæ Цæлыкк раздæр уыд хъуыстгонд йæ донхорыггæнæн системæйæ. Уый фæрцы сæ тыллæгæрзад алкæддæр уыд бæрзонд. Советон Цæдисы фехæлдимæ уый дæр хæлд æрцыд, хъыгагæн. Фæлæ йæ цыфæнды зынæй дæр хъæуы сног кæнын. Æппæт уыдæттыл Тускъаты Таймуразимæ ныхас кодта хъæуы хистæрты советы сæрдар **Исахъты Виктор**. Фарстатæ æнæ æркастæй кæй нæ баззайдзысты, Парламенты Сæрдар уымæй зæрдæ бавæрдта.

Уый фæстæ районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы уыд Парламенты советы æмбырд. Боны фæткы сæйраг фарста уыд, 2023 азы Рахизфарсы районы муниципалон сконд национ проекттæ куыд æххæст кодта, йæ социалон-экономикон рæзты цавæр бæрæггæнæнтæ бафтыд къухы, стæй сæм ацы азмæ цавæр нысантæ ис, уый. Фарстайы фæдыл ранымхасгæнæг уыд Рахизфарсы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Мырыкаты Хъазыбег.** Районы социалон-экономикон рæзты алы къабазыл дæр, Бесланы райрæзты генералон пъланы ивгъуыд азы æппæт бæрæггæнæнтыл бæстон æрныхас кæнгæйæ, уый арфæ ракодта республикæйы разамындæн, Парламенты депутаттæн, комкоммæ Тускъаты Таймуразæн, районы цыдæриддæр фарстатæ сæвзæры – раздæр дæр æмæ ныр дæр – уыдон алыг кæныны хъуыддаджы алкæддæр сæ фарсмæ кæй балæууынц, уый тыххæй. Фыццаджыдæр та уæлдай арфæ ракодта, сæрмагонд æфсæддон операцийы Рахизфарсы районæй чи архайы, стæй йе 'ххуысы хай хæстонтæм чи хæццæ кæны, уыцы æмзæххонтæн. «Нæ районæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайы 200 адæймагæй фылдæр, æмæ сæ хæстон хæс кадджын æмæ намысджынæй æххæст кæнынц. Кæстæртæн уыдон сты цæвиттойнаг», – загъта раныхасгæнæг.

Социалон политикæйы фарстатæ районы куыд лыггонд цæуынц, уый фæдыл ныхас кодта Парламенты наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева**. Куыд загъта, афтæмæй ацы фарстатæ сты уæлдай ахсджиагдæр, уымæн æмæ уыдонæй аразгæ у царды хæрзхъæддзинад. «Адæймаг кæм цæры, уым ын хъуамæ уа куысты æмæ ахуыр кæныны гæнæнтæ, йæ куыстæн – аккаг мызд, алыхуызон социалон бафыстытæ, медицинон æххуыс», – загъта депутат.

Районы экономикон рæзты дарддæры гæнæнты фæдыл уыд йæ раныхас Парламенты промышленносты, транспорты, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Муратæн.**

Советы æмбырды фæстæ Тускъаты Таймураз фембæлд районы амалхъомтимæ. Фембæлды архайджытæ уыдысты: æнæххæст бæрнондзинады æхсæнæдтæ – «РУСМОДУС-ФИД»-ы генералон директор **Хъайырты Артур**, «Бесланы завод «Автоспецоборудование»-йы генералон директор **Кудзаты Аслан**, «БУХАРДОН»-ы генералон директор **Сергей Ткачев**, «БАТАК-А»-йы генералон директор **Азиаты Аслан**, «ТЕМП-ДУКАНИ «БÆРКАД»-ы директор **Кадиты Заремæ.** Амалхъомтæй алчидæр дзырдта, сæ куыст хуыздæр рацаразыны, ноджы бæрзонддæр æмвæзадмæ йæ ракæныны сæ цы фарстатæ тыхсын кæнынц, уыдоныл. Æмæ сын закъонæвæрынадон бындурыл æнцондæр алыггæнæн цæмæй уа, ууыл бакусдзысты Парламенты депутаттæ. Районы социалон-экономикон рæзтмæ стыр бавæрæн кæй хæссынц æмæ удуæлдай фæллой кæй кæнынц, уый фæдыл æмбырды архайæг амалхъомтæн Тускъаты Таймураз радта РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæттытæ.

Уый фæстæ Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта уыцы куыстуæттæй иу – «РУСМОДУС-ФИД». Уый æрбынат кодта Бесланы раздæры мелкомбинаты æмæ хæлд бæстыхæйтты ног цард бауагъта. Куыстуат уадзы кæсаджы холлаг, стæй æмхæццæ холлаг стурвосæн. Инвестицион проекты фыццаг хай уал æххæстгонд æрцыд – скуыстой холлаг уадзæг линитæ. Уый тыххæй нырыккон техникæ æрбаластой Уæрæсейæ, Китайæ, Дани æмæ Туркæй. Куыстуатæн йæ фыццаг къæпхæны хъомысмæ гæсгæ ныртæккæ суткæмæ уазынц кæсаджы холлаг 200 тоннæйы суткæмæ, стурвосы холлаг та – 300 тоннæйы. Уæвгæ та йæ куыстадон хъомыс у афæдзмæ продукцийы 130 мин тонны. Цы холлаг уадзынц, уый хицæн кæны йæ хæрзхъæддзинадæй, экологон æгъдауæй у сыгъдæг, хуызтæй – алыхуызон, йæ аргъ та – зæрдæмæдзæугæ. Куыстуаты ныртæккæ фæллой кæнынц 180 адæймаджы. Генералон директор Хъайырты Артур куыд зæгъы, афтæмæй фæнд кæнынц сæ куыст ноджы рапарахатдæр кæнын, æмæ фидæны райдайдзысты холлаг уадзын хæдзарон цæрæгойтæн дæр. Ацы куыстуат канд Рахизфарсы районæн нæ, фæлæ æппæт республикæйæн дæр у социалон æгъдауæй тынг ахадгæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Цæгат – Хуссар

# Университетты æнгомдæр æмгуыстадæн…

**Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты минæвæртты къорд ацы бонты балцы уыд Дзæуджыхъæуы. Хуссарирыстойнæгты зæрдиагæй суазæг кодтой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты. Дыууæ республикæйы сæйрагдæр уæлдæр ахуыргæнæндæтты минæвæрттæ æрдзырдтой дарддæры æмгуыстады фарстатыл.**



Нæ хуссайраг æфсымæртæ æмæ хотæн зæрдæбын æгасцуай загътой ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан** æмæ иннæ фысымтæ. Уазджыты 'рдыгæй фембæлдтыты архайдтой Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ректор **Тедеты Вадим**, проректортæ **Гаглойты Ланæ** æмæ **Цхуырбаты Эдуард**, университеты медиахолдингы разамонæг **Джиоты Аллæ** æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры аивадон разамонæг **Дзуццаты Тамерлан.**



Фембæлды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй дыууæ университеты фæстаг азты æнгом æмæ пайдайаг æмархайд кæнынц профессион ахуырад æмæ наукæйы къабæзты, кусынц цымыдисаг иумæйаг проектыл. Раныхасгæнджыты хъуыдымæ гæсгæ, уыцы æууæл фадат дæтты, цæмæй æмархайд ноджы æнгомдæр æмæ хъомысджындæр кæна. Ныхасы архайджытæ бахастой бæлвырд фæндæттæ. Уыдон баст уыдысты иумæйаг наукон-ахуырадон тыгъдад саразынимæ, бæлвырддæр дзургæйæ та, диссертацион советты хъомысджын архайдимæ, педагогон кадртæ цæттæ кæнынимæ, ахуырадон æмæ методикон литературæ тæлмац кæнынимæ æмæ афтæ дарддæр.

Ныхасы рæстæг куыд загъдæуыд, афтæмæй дыууæ ахуыргæнæндоны æхсæн æмгуыстад фæахадгæдæр кæнынæн ахъаз уыдзысты профилон кафедрæты кусджыты иумæйаг фембæлдтытæ дæр. Уыцы æмæ æндæр ахæм мадзæлттæ хаст æрцыдысты Хетæгкаты Къоста æмæ Тыбылты Алыксандры номыл университетты æмгуыстады пълантæм.

Зæгъын хъæуы, 2023 азы майы ЦИПУ-йы делегаци Огъуаты Аланы разамындæй Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты уазджытæ кæй уыдысты, уый тыххæй дæр.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

## Дзырды фарн

*Уарзон адæймаджы æфхæрд знаджы цæфæй тынгдæр риссы...*

*ДЖИМИТЫ Гиуæрги*

**Боныхъæд** — Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **6 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **15-18 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 12,59** — Хурыскаст — 05,34; Хурныгуылд — 18,33

**Валютæйы аргъ** — Доллар — 92,19; Евро — 100,19

12 +

Хъуыддаджы ныхас

# Ивгъуыды хатдзæгтæ æмæ фидæнмæ нысантæ





**Куыд рабæрæг, афтæмæй фарон Цæгат Кавказы федералон зылды рæзты паддзахадон программæйы нысантæ царды рауадзыны тыххæй радтой 780 милуан сомы. Ивгъуыд азæй хатдзæгтæ скæнын æмæ ацы азы нысантæ фæбæрæг кæныны тыххæй РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн ныхас рауад Цæгат Кавказы федералон зылды социалон-экономикон рæзты департаменты разамонæг Камиль БЕКСУЛТАНОВИМÆ.**

Дзанайы-фырты ныхасмæ гæсгæ паддзахадон программæйы фæлгæты фæрæзтæ лæвæрд æрцыдысты «Ирыстоны фундук»-ы цæхæрадæттæ ныссадзынæн, Хъызлары спортивон комплексы арæзтадæн, Алагиры районы, Дзæуджыхъæу æмæ Веселæйы хъæуы коммуналон инфраструктурæ рацаразынæн. Хъазæн фæзтæ саразтой Ир æмæ Сунжæйы хъæуты, социалон æмæ коммуналон 15 объектæн скодтой проектон-хæрдзты документтæ.

Ныхас ма бацахста ацы азмæ Цæгат Кавказы федералон зылды рæзты нысантæ сбæрæг кæныны фарста дæр. Фаронæй регионы куыст цæуы Алагиры районы хæххон хайы хъæуты æмæ поселокты доны хызтæ раивыныл. Нысантæ æххæстгонд æрцæудзысты 2025 азмæ. Уымæй уæлдай ма республикæ фæрæзтæ радих кæндзæн цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фидар рæзты фæлварæн проектæн. РЦИ-Аланийы Сæргълæуыуæг Сергей Меняйлойы фæдзæхстæй регионы разамынд Уæрæсейы Хицауады цур Цæгат Ирыстоны рæзты фарстатæ æвæры.

Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадмæ регион барвыста 2025-2027 азтæн федералон бюджетмæ бындурон арæзтады 32 объекты бахæссыны куырдиат. РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар куыд радзырдта, афтæмæй федералон программæты архайд фадат дæтты регионы цард фæхуыздæр кæнынæн, рæзты уæлдæр æмвæзадмæ йæ рахонынæн. «Ныртæккæ республикæ бюджетон куырдиæттæ арвыста цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады объектты тыххæй. Уымæй уæлдай, нæ зæрды ис ЗАГС-ы бæстыхай, социалон лæггæдты центртæ саразын Октябрыхъæуы æмæ Мæздæджы горæты. Ныфс нæ ис федералон центрæй», – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæстгонд цæуынц социалон-экономикон рæзты нысантæ, ныртæккæ сты 112 алыхуызон объекты. Нырмæ уал сцæттæ сты 40 объекты.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Нæ хъæбатыртæ

# Сæ кад, сæ ном цæрдзæн æнустæм!

**Ныр дыууæ азæй фылдæр Уæрæсе Украинæйы цы сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæны, уым нæ Ирыстоны лæппутæ сæхи сæрæнæй æвдисынц. Райстой алыхуызон хæстон хæрзиуджытæ. Уыдонимæ сты Горæтгæрон районы Тарскæйы хъæуы фæсивæд дæр.**

Хъыгагæн, уыдонæй фæмард дæс лæппуйы, се 'хсæн – Хъантемыраты Зауыр, Кобесты Роберт, Наниты Чермен æмæ Тедеты Гермæн дæр. Ацы хъæуы 1-æм астæуккаг скъолайы ахуыр кодтой сæ цыппар дæр. Уыдысты ныфсы кæстæртæ, фæзминаг. Æнусон кад æмæ сын цыт! Хорз хъуыддаг фæзынд ацы астæуккаг скъолайы: сæ хъæуæй Украинæйы хæсты чи фæмард, уыдоны номыл скæнынц къулæстæ, сæ



ТЕДЕТЫ Гермæн







къултыл сын мемориалон фæйнæджытæ бакæнынц кæнæ та саразынц "хъæбатыры партæтæ".

Афтæ уыд æрæджы дæр. Тарскæйы 1-æм астæуккаг скъоламæ æрбамбырд сты, уæлдæр кæй кой кодтон, уыцы хъæйтарты бинонтæ, хицæуттæ, æмкъласонтæ, æмхæстонтæ, сыхбæстæ, фæсивæд, ахуыргæнджытæ, скъоладзаутæ, æндæр адæм. Уыдон фыццаг бацыдысты æртыккаг уæладзыджы 10-æм къласмæ. Ам æвæрд ис ефрейтор Тедеты Гермæны номыл "хъæбатыры партæ". Ууыл сбадыны амонд æрхаудзæн, иттæг хорз чи ахуыр кæны, уыцы скъоладзаутæм. Тедейы-фырт фæмард 2022 азы 28 февралы.




Ацы къласæн радтой Хъантемыраты Зауыры ном æмæ йын дзы байгом кодтой мемориалон фæйнæг. Уый дæр хæстон сæрæндзинæдтæ бирæ равдыста, уыд сержант, артиллерион батарейы хæстон машинæйы бахыгъды командир. Фæмард 2022 азы 29 августы Херсоны облæсты Каховкæйы районы. Йæ мæлæты фæстæ йæ схорзæхджын кодтой Лæгдзинады орденæй.

Скъолайы дыккаг уæладзыджы ис 2-æм кълас. Уый та ныр у Кобесты Роберты номыл, байгом дзы кодтой кадджын уавæры йæ номыл къулыл конд фæйнæг. Уыд хæдтулгæскъæрæг. Хъæбатырæй фæмард цæрæн пункт Переможнæйы 2023 азы 23 декабры. Хорзæхджынгонд у Жуковы майданæй.

Суворовы майданæй схорзæхджын кодтой Наниты Чермены йæ хæстон лæгдзинады тыххæй. Уый дæр йæ хæс æххæст кæнгæйæ бабын Запорожьейы облæсты Таврияйы хъæуы. Чермены ном та хæсдзæн скъолайы 1-æм кълас. Ис ам йæ номыл мемориалон фæйнæг.

Скъолайы директор **Тъехты Дунессæ** сертификаттæ æмæ Арфæйы фыстæджытæ радта, хæстонты ном чи хæсдзæн, уыцы кабинетты къласгæстæ **Сланты Мæдинæ, Хæныкъаты Земфирæ** æмæ **Бицойты Маргаритæйæн**.

Хæстонты мемориалон фæйнæджытæ байгом кодтой сæ хиуæттæ æмæ раззагдæр скъоладзаутæ. Раныхас кодтой Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты фæмардуæвæг бинонты Æппæтуæрæсеон æхсæнадон организацийы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады разамонæг **Татьянæ Днепровская**, Горæтгæрон районы администрацийы ахуырады управленийы хицау **Кокайты Белæ**, 429-æм полчъы æфсæддон-политикон цæттæдзинады æмæ информаци дæттыны фæдыл инструктор **Надеждæ Жданова**, зынгхуыст лæппуты æмхæстонтæ **Гаджиты Артур** æмæ **Баграт Габриелян**, скъолайы директор Тъехты Дунессæ æмæ æндæртæ.

Мемориалон фæйнæджытæ æмæ хъæбатыры партæйыл фыст сты хæстонты царды хабæрттæ æмæ тохы фæндæгтæ.

Бузныг Татьянæ Днепровскаяйæн, ацы хорз хъуыддæгтæ саразынмæ сæрмагонд бавæрæн кæй бахаста, уый тыххæй.

Номарæн мадзалы уыд нæ районы администрацийы фæсивæды, физикон культурæ æмæ спорты хайады хицау **Дзеранты Марик** дæр.

**ГАССИТЫ Моисей, ГУССАУТЫ Маринæйы ист къамтæ**

Уæрæсе – Белоруссы

# Цæгат Кавказ: алæмæты æрдз, рæдаузæрдæ адæм...

**Ацы бонты Цæгат Кавказы уазджытæ уыдысты Белоруссийы туристон компаниты минæвæрттæ. Белоруссиаг туроператортæн нæ федералон зылды регионтыл бæстæзонæн балц саразта федералон корпораци «Кавказ.РФ».**

Не 'фсымæрон бæстæйы минæвæрттæ къуырийы дæргъы зонгæ кодтой кавказаг республикæты æрдзы уавæртæ æмæ цымыдисагдæр бынæттимæ, сæ адæмтæ æмæ туристон авналæнтимæ.

Белоруссиаг уазджыты балц райдыдта Кавказаг Минералон Дæтты регионы горæттæй. Пятигорск æмæ иннæ бынæтты зындгонд курортты архайд раиртасгæйæ, къорды уæнгтæ сæ фæндаг акодтой Кæсæг-Балхъармæ. Уым бабæрæг кодтой хæххон курорт «Эльбрус» æмæ æндæр фæлладуадзæн бынæттæ. «Эльбрусы хохы фæхстыл лыжæтыл бырынæн цы фæндæгтæ ис, уыдонæй иууыл уæлмонц æнкъарæнтæ мæхæдæг бавзæрстон. Ахсджиаг хъуыддаг мæм фæкаст, ацы курорты хæххон лыжæтыл бырыны рæстæг дæргъвæтин кæй вæййы, уый дæр. Хох Эльбрусы алыварс курортты тыххæй мæ хæлæрттæ æмæ зонгæтæн рахабар кæндзынæн», – фæстæдæр йæ хъуыдытæ раргом кодта уазджытæй иу – **Иван Чура.**

Къорды уæнгтæн сæ фæндаг дарддæр уыд Цæгат Ирыстонмæ. Фысымтæ сын экскурситæ саразтой Дзæуджыхъæу æмæ йæ алфамбылай бынæттыл, стæй сæ ахуыдтой хæххон кæмттæм дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ирыстойнæгтæ сæ уазджыты хорз федтой хъуыстгонд национ хойрагæй: чъиритæй, ирон бæгæныйæ...

Афтæ, бонæй-бонмæ делегацийы уæнгтæ бабæрæг кодтой иннæ цæгаткавказаг республикæтæ дæр.

Балцæн хатдзæгтæ кæнæн æмбырд саразтой Махачкалайы. Уым фысымтæ æмæ уазджытæ бæстон æрдзырдтой дарддæры æмгуыстады фарстатыл. Сæйрагдæр та – Белоруссы æмæ уæрæсейаг Цæгат Кавказы регионты 'хсæн туристонбæстæзонæн балцытæ рапарахат кæныныл.

Æмæ æрмæст фидæны нысантæ нæ, фæлæ ныридæгæн бæлвырд хъуыддæгтæ дæр рæзынц. Зæгъæм, ацы мæйы кæрон Минск æмæ Махачкалайы 'хсæн байгом уыдзæн уæлдæфон бастдзинад. Нырма уал авиакомпани «Белавиа» ахæм балцытæ æххæст кæндзæн къуыри иу хатт. Фæстæдæр ахæм уæлдæфон маршруттæ Минск баиу кæндзысты иннæ цæгаткавказаг регионтимæ дæр.

Фембæлды архайджытæ хæстæгдæр рæстæг сбæлвырд кæндзысты, белоруссиаг туристтæн цымыдисагдæр цы бынæттæ уыдзысты, уыдоны номхыгъд. Уыимæ, туроператортæ фыццаг къæпхæныл æххæст кæндзысты 7-8-бонон бæстæзонæн балцытæ.



Ахæм фæтки бындурыл сараздысты туристон маршрутты номхыгъд Цæгат Кавказы федералон зылды алкæцы регионæн дæр. Уыцы æмгуыстады пълантæ куыд æххæстгонд цæуой, уымæ цæстдард уыдзæн компани «Кавказ.РФ»-йы минæвæртты 'рдыгæй. Уыимæ, уыцы куысты комкоммæ архайæг уыдзæн Цæгат Кавказы хæххон клуб дæр. Ацы кусæндон ныридæгæн æмгуыстады бадзырдтæ бафыста 10 белоруссиаг туроператоримæ.

«Райгондæй баззадыстæм нæ балцæй. Алкæцы регионы дæр бабæрæг кодтам бирæ цымыдисаг æмæ рæсугъд бынæттæ, базонгæ стæм бынæттон цæрджыты æгъдæуттæ æмæ культурæимæ... Алкæцы ран дæр ныл зæрдиагæй бацин кодтой. Фæлæ уæлдай зæрдæскъæфæн фембæлдтытæ махæн уыд Цæгат Ирыстоны. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы регион Белоруссийæ бирæ цæмæйдæрты хицæн кæны, фæлæ дзы уæддæр нæхи афтæ хорз æнкъардтам, раст цыма хионы хæдзары уыдыстæм. Республикæйы цæрджыты уазæгуарзондзинад æмæ рæдау ахаст не 'ппæт дæр æххæстæй банкъардтам», – фембæлды кæронбæттæны радзырдта горæт Витебскы туристон компанитæй иуы минæвар – **Инессæ Мернова.**

**КАЛМАНТЫ Аслан**

Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азмæ

# Галаты Барис – дунеон этномузыкологийы хæзна

**Зындгонд композитор, дирижер, ахуыргæнæг, фольклорист, оркестртæ æмæ ансамблтæ аразæг ГАЛАТЫ Барисы райгуырды 135 азы юбилейы кадæн республикон Национ наукон библиотекæйы уыд цæлхæмбырд ”Æмбырдгонд «Ирон адæмон зарджытæ» – дунеон этномузыкологи æмæ Ирыстоны культурон бынты хæзна», зæгъгæ, темæйыл.**

Галаты Барисы егъау сфæлдыстадон бынтæ иртасыны фæдыл республикæйы Национ наукон библиотекæйы аивады хайад саразта къорд мадзалы. Музыкалон драмæ, музыкалон комеди, кинотæм фыст музыкæ, адæмон инструментты оркестр, симфонион оркестр, хортæ, кафт æмæ зарды ансамблтæ, композиторты профессионалон скъола, адæмон фольклоры скъола, «Ирон адæмон зарджыты» академион æмбырдгонд Гиппиусы аналитикон нотацийы принципимæ – æппæт уыдæтты бындурæвæрæг уыд Галаты Барис.




Йæ райгуырды юбилейон аз Национ наукон библиотекæ йæ номыл арæзт культурон фондимæ, стæй республикæйы музыкалон æхсæнадимæ иумæ сæ алкæцыйы фæдыл дæр хъуыстгонд ахуыргонд æмæ композиторы номарæнæн аразынц тематикон фембæлдтытæ.

Фыццаг фембæлды ныхас цыд йæ «Æмбырдгонд «Ирон адæмон зарджытыл», куыд дунеон этномузыкологи æмæ Ирыстоны культурон бынты хæзна»-йыл. Фембæлд байгом кодта Уæрæсейы музыкалон æхсæнады регионалон хайады сæрдар **Гергиты Ларисæ**. Бæстон æрдзырдта, Галаты Барис ирон культурæйы къæбицмæ цы стыр æвæрæн бахаста, ууыл.

Национ культурæйы алы къабæзтæм йе 'вæрæны фæдыл уыд сæ ныхас Национ наукон библиотекæйы директор **Хайманты Иринæ** æмæ библиотекæйы аивæдты хайады сæргълæуууæг **Баситы Феризæйæн**. Фембæлды архайджытæ бакастысты композиторы цардимæ баст кинонывтæ «Время Бориса Галаева» (реж. Р.Гаспарянц) æмæ «Искусство, рожденное в горах»-æй (реж. Валишвили) скъуыддзæгтæм.

Ирон адæмæн, йæ монон культурæйы рæстæн цы стыр хæрзты бацыд Галаты Барис, уый фæдыл уыд йæ ныхас Мариинаг театры филиалы национ зарæджы нæлгоймæгты хоры разамонæг **Дзанайты Ольгæйæн**. Галайы-фырты Хæдзар-музейы фонды йæ фольклорон бынтимæ куыст ахсджиаг кæй у, уый тыххæй уыд йæ ныхас йæ директор **Гаглойты Лианæйæн**. Ныридæгæн дзы сты, бакусын кæуыл хъæуы, уыцы фонографыл фыст аудиоæрмæджытæ, зарджыты нотировкæтыл къухфыстытæ, Аивады историйы уæрæсейаг институтимæ цы фыстæджытæ фыстой кæрæдзимæ, стæй, Пушкины хæдзарæй цы нымæцон 700 аудиофысты æрбацыд, уыдæттæ æмæ ма бирæ æндæр алыхуызон æрмæджытæ.

Фонд саразæг – композиторы бындар **Гæбæраты Андрей** радзырдта, уыдонæй дисктæ рауадзыны, стæй Барис ирон адæмон цæгъдтыты дыккаг том рауадзынмæ кæй бæллыд, уымæн рухс фенын кæныны тыххæй. Йæ мысинæгтæ фембæлды архайджытæн ракодта Ирыстоны адæмон поэт **Гуырдзыбегты Иринæ**, йæ ныййарджытæн хæлар ахастдзинæдтæ уыд Галаты Барисимæ.

Кæронбæттæны йæ чиныг «Осетинские народные песни»-йæ нæ хъуыстгонд фольклористы уацмыстæй азарыд, Дзанайты Ольгæ разамынд кæмæн дæтты, уыцы нæлгоймæгты хор.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**




**Удварн**

# Кадæггæнæг Сланты Гаха

**Диссаджы цыргъзонд æмæ курдиат балæвар кодта æрдз дæсны кадæггæнæг æмæ цæгъдæг Сланты Гахайæн. Уый афтæ арæхстджынæй цагъта дыууадæстæнон фæндырыл, æмæ йæм адæм хъусынæй не 'фсæстысты. Гаха уыд бæрзонд, къæсхуыртæ рæсугъд лæг, дардта ирон дарæс.**

Сланты Гаха райгуырд Хуссар Ирыстоны, Урстуалты, Брытъаты хъæуы 1836 азы. Чысылæй фæбæрæг Гахайы æвзыгъддзинад зарын æмæ цæгъдынмæ, сахуыр кодта хъисфæндыр æмæ дыууадæстæнон фæндырæй цæгъдын. Рауад дзы диссаджы кадæггæнæг. Йæ ном айхъуыст Ирыстоны дыууæ хайы дæр, æмæ йæ хуыдтой алы рæттæм.

Гаха Сланты Джыбылæн уыд æстæм фыртыфырт. Уый бæрц фæлтæрæй куыд нæ базза-даид кадджытæ, таурæгътæ æмæ зарджытæ, æмæ сæ бадардта йæ зæрдыл, парахат сæ кодта. Йæ дыууадæстæнон фæндырæй цагъта алыхуызон ирон мелодитæ, зарыд æндæр æмæ æндæр кадджытæ æмæ зарджытæ.

Дзурынц, зæгъгæ, дам, Урстуалты кæддæр бæхыл æрбацæйцыд сæ хæрзæрвадæлты лæг. Бæстæ саудалынг дардта, ахæм мæйдар уыд. Уым æвваахс цы хид уыд, ууыл бахизын нæ уæндыд. Тæссаг уыд, бæх куы фæтæрса, уымæй, æмæ уæд дыууæйæ дæр бабын уыдаиккой. Уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд, уым æвваахс Гаха ныгæд кæй ис. Тарст лæг афтæ зæгъы, Гаха, де 'фсымæр зын уавæры ис, æмæ мын



ды уæддæр баххуыс кæн, зæгъгæ. Афтæ куы загъта, уæд хиды алфамбылай ныррухс, æмæ хидыл ахызт. Фæстæмæ акаст, æмæ дуне куыд талынг уыд, афтæ фæталынг.

Ацы хабар дзурæг у, Гаха йæ адæмæн куыд уарзон уыд, сæ зæрдæтæ сын куыд рухс кодта йæ диссаджы цагъд æмæ зардæй, афтæ сын рухс фæндаг гæрста мæрдты бæстæйæ дæр.

1920 азы Гуырдзыстоны меньшевиктæ æрбабырстой Хуссар Ирыстонмæ, адæмы сабыр цард æмбойны æрбайхæлд. Гахайы дæр бахъуыд йæ фыдæлты уæзæгæй сыстын, æмæ ралыгъд Цæгат Ирыстонмæ, æрцард Ногиры. Æрæнкъард, йæ зæрдæ нал агуырдта зард.

1921 азы Ногирмæ ныццыдысты Томайты Хъылци æмæ Дзагуырты Гуыбади. Уыдон зæрдиагæй æмбырд кодтой адæмон сфæлдыстад. Чысыл зонгæ уыдысты Гахайы сфæлдыстадимæ дæр. Уыдон Гахайæн бирæ фæдзырдтой, йе сфæлдыстад адæмы кæй хъæуы. Фæстагмæ сразы сæ фæндоныл. Гуыбади æмæ Хъылци Гахайæ ныффыстой 40 фылдæр кадджытæ æмæ аргъæуттæ, 20 та – Нарты кадджытæ.

Ирон сфæлдыстад æмбырдгæнджытæй Томайты Хъылци, Дзагуырты Гуыбади, Æлборты Барысби, Гуыриаты Гагуыдз æмæ æндæртæ Гахайæ бирæ кадджытæ æмæ зарджытæ ныффыстой.

Райгуырæн уæзæг адджын æмæ зынаргъ у. Иугæр меньшевикты куы ныппырх кодтой, уæд фæстæмæ алыгъд йæ райгуырæн хъæу Брытъатмæ. Гаха фæцард 88 азы. Амард 1924 азы. Йæхæдæг куыд фæдзæхста, уымæ гæсгæ ныгæд æрцыд Брытъаты, Фæсмæсыджы фæзы.

**Æрмæг бацæттæ кодта ХУЫБИАТЫ Н.**

**Æцæг хабар**

# Уырдыглæууæг

**Æрæджы Хæмыцаты Раманы чиныг "Царды суадæттæ" кастæн, уый фыссы, ирон æгъдаумæ гæсгæ уырдыглæууæгмæ цы домæнтæ хауы, уыдоны тыххæй. Уымæ гæсгæ мæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр Андиатæм æнæбары уырдыглæууæг куыд сдæн, уый.**



Ивгъуыд æнусы æхсайæм азты мах – Андиаты Ахтемыр, Калоты Керым æмæ æз, баныхас кодтам, райсом, хуыцаубоны, ацæудзыстæм Дзæуджыхъæуы фæлладуадзæн паркмæ нæхи аирхæфсынмæ. Хуыцаубоны изæрдалынгтæ кодта, афтæмæй Керымимæ сæмбæлдыстæм горæты Цъындагæнæн фабричы дуармæ. Уырдыгæй араст стæм Ахтемырмæ, уый та цардис, Хъесаты Колкайы уынг æмæ Колхозонты уынг кæм баиу вæййынц, уым, хиды фарсмæ. Куы бацыдыстæм кæртмæ, уæд кæсæм, æмæ Андиатæм – уазджытæ, уыдон бадтысты тыргъы æртæйæ, сæ разы – фынг æвæрд. Ахтемырæн йæ фыды 'фсымæр мах куы ауыдта, уæд мæнмæ йæ къухæй ацамыдта æмæ дын афтæ: "Лæппу! Уæлæмæ ма схиз æмæ мæнæ графин дæ къухмæ райс!" Мæныл уæд цыдис 23 азы, уый та уыд хæсты архайæг. Мах уазджытæ кæй уыдыстæм, уымæ дæр нæ фæкаст, афтæмæй тызмæгæй загъта: "Дзæбæх слæуу æмæ арахъхъ рауадз". Æз мæхинымæр хъуыды кодтон, иу хатт сын æркæндзынæн æмæ уæгъд дæн, фæлæ афтæ нæ рауад. Уыдон дæргъвæтин бадт фæкодтой. Андийы-фырт "зæронд архив" скалдта, империалистон хæсты куыд хæцыд, кæмыты æмæ ма бирæ цыдæртæ.

Æз дæр æмæ ме 'мбæлттæ дæр цалдæр фæлварæны акодтам, цæмæй мæ суæгъд кæной, уый тыххæй, фæлæ – никуы æмæ ницы. Уый мын цалдæр хатты уайдзæф бакодта: "Æмраст слæуу! Цы ныддыдæгътæ дæ!" Уæды рæстæг кæстæртæ æфсæрмы кодтой хистæртæй, ныры хуызæн нæ уыд. Чи дæн, уый дæр базыдтой бадты кæрон.

Æхсæвы 12 сахаты ссис, æмæ уæд афарстой: "Кæй лæппу дæ, кæмæй дæ?" Уый фæстæ мын арфæ ракодтой æмæ сыстадысты. Æз-иу искуы Ахтемыртæм куы цыдтæн, уæд-иу æй афарстон: "Дæ фыды æфсымæр æнæнхъæлæджы сымахмæ нæй?" Уый, Ахтемыры ныхæстæм гæсгæ, уыдис карз адæймаг. Ныры рæстæг ма афтæ искæй фæлæууын кæн.

**ГУГКАТЫ Ирбег**
**2024 аз, тъæнджы мæй**

**Поэзийы къуым**

**ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр**

*Фæстаг хатт ма ололи иу хъæр фæкодта –*
*Ныууасыди сауцъиу фыццагдæр хатт уæд.*
*Фæдæлдзæх и рувас... Йæ хуынкъмæ ныззгъордта...*
*Æппары йæ уæнтæй йæ сау пæлæз хъæд.*

*Фæлурс фæздæг æрхæн куы слæууыд йæ сæрмæ,*
*Цъæх-цъæхид фæлм бады ырма уал бынæй.*
*Нæма райхъал сæгуыт бæлæтты пæр-пæрмæ, –*
*Уый цилты 'хсæн, тæрфы, кæны ма фынæй.*

*Зырзыргæнгæ, уддзæф нæма 'ртахти хæхтæй,*
*Нæма ризынц хъæмылтæ цъалайы цур.*
*Мæнæргъы сыфтæртыл хæрдгæхал æндæхтæй*
*Алдымбыд цокора нæма бийы хур...*

*Сæударæй дын, тар хъæд, нæ халын дæ рæуфын,*
*Рæхцæд уал дæ тæгæр, дæ какон, дæ бæрз...*
*Дæ зæрдæйы улæфт, йæ гуыпп-гуыпп, йæ тæлфын*
*Куы 'нкъарын, куы хатын мæ зæрдæйæ æз!*

**1963 аз**



**Не 'взаг – нæ хæзна**

**АБАЙТЫ Васо загъта:**



***«Ирон æвзаджы ис ахæм дзырдтæ – «фæсмон» æмæ «æфсарм», кæцытæ уый бæрц рæстæг фæцардысты, æмæ дур æмæ бронзæйæ конд дзаумæттæ дæр уый бæрц нæ фæлæудзысты».***

***

«Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых. Ирон æвзаг у тынг тасаг æмæ рæсугъд, хъæздыг æмæ цардхъом".

***

***«Мæ царды фылдæр рæстæг Мæскуыйы арвыстон. Фæлæ абоны онг мæ мадæлон æвзагыл стырзæрдæ нæ кæнын. Истæуыл куы фæкусын, уæд ыл фыццаг фæхъуыды кæнын иронау, уый фæстæ йæ ныффыссын уырыссагау».***

***

«Мадæлон æвзаджы културæ райдайы бинонты 'хсæн, æмæ хъæуы аудын, цæмæй дзы уый æлдариуæг кæна».

**Ирон хъæлдзæг ныхæстæ**

### Лæвар – ног чындзæн

***– Гъа-ма, чындзæн цы лæвар æрхастай, – байардтой Бускайы.***
***– Мæнæ гъе! – загъта Буска æмæ йе стыр цым лæдзæг къулæнцой ног чындзы фарсмæ æрæвæрдта.***

### Кæрæдзийæн зондамонджытæ

*Рынчын бацыд дохтырмæ. Уый йæм дæлæ-уæлæ кæстытæ акодта, стæй йын афтæ:*
*– Мæ хæлар, тæссаг низæй дæм ницы ис. Æрмæст дæ хъæуы рæстæгæй-рæстæгмæ дзурын: «Æнæниз дæн, æнæниз дæн, æнæниз дæн...».*
*– Стыр бузныг, дохтыр. Цас дæ дарын?*
*– Сомы 'рдæг. Бахатыр кæн, сихор хæрынмæ тагъд кæнын.*
*– Тыхсгæ ма кæн, дохтыр. Стæй дæ ма ферох уæд рæстæгæй-рæстæгмæ дзурын: «Бафыста мын, бафыста мын, бафыста мын».*

### Иу низæй рынчынтæ

***Рагæй нал федта иу хохаг лæг йæ быдираг хæлары. Иубон хохаг балæууыди быдирагмæ уазæгуаты, аракæс-бакæс ын кодта йæ хæдзары къуымтæм æмæ йæ фæрсы:***
***– Дæ хорзæхæй, мæ лымæн, цы дыл æрцыди, раздæр фæрныгæй цæрæг куы уыдтæ, уæд ныр дæ хæдзар дымгæмæдардау цæмæн сси?***
***– Æз дыууæ хисты скодтон, фæлæ дæуыл та цы 'рцыди, мæ хæлар, цыма дæ куыйтæ ныттыдтой, уыйау куы сдæ?***
***– Уæдæ нæ дыууæ дæр иу низæй рынчынтæ куы стæм: æз та уæдæ мæ фыртæн ирæд бафыстон!***

**«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ»**
**Дзæуджыхъæу, 1976 аз**

**Мидбылты худгæйæ**

# Йæхи дæр фæндыд...

**Нæ алыварс куы афæлгæсæм, уæд абадгæ чызджытæ æмæ лæппутæй байдзаг Ирыстон. Рæстæгмæйы зындзинæдтæ нал æмæ нал фæуд кæнынц, сæ кæрон нæ зыны. Афтæ, хуыздæр замантæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, сæ азтæ дугъон бæхтау размæ бырсынц. Зæронд кæнынц усгур лæппутæ, чындздзон чызджытæ. Нæй сæм ныфс бинонтæ саразынмæ. Иугæр лæг бадт куы бафæраза, уæд æй ницыуал фæхъæуы...**

Зæрæдайы дæр куыд нæ уыд курджытæ! Фæлæ цалынмæ ныхxæцц-схæц кодта, уæдмæ йæ хуыздæр рæстæджытæ æмæ суинаг лæгтæ фæсте аззадысты, ныр ыл чи сдзуры, уыдон та йын сæхæдæг хæссинаг уыдзысты, æмæ, уый æмбаргæйæ, ком никæмæн дæтты. Фæлтау, дам, мыл æнæлæджы зарджытæ скæнæнт.



О, фæлæ йæ куыд нæ фæнды йæ амонд ссарын! Айфыццаг та коллективы сылгоймæгтæ цыдæр бæрæгбон æрхъуыды кодтой фæскуыст, ныртæккæ дæм æрмæст æхца уæд, æндæра уайтагъд дæ фынг айдзаг уыдзæн алы алцæмæй. Æртæ кæрдзыны, карк æхсидæвтыл физонæггондæй, «лыстæг митæ»... Фæзынд фынджы фидауц – шампайнаг сæны авг дæр, уырыссаг бæгæны... Акуывдтытæ кодтой, анызтой, ахордтой, æмæ хъæлдзæгдзинад стынг. Зæрæда дæр бакъуымæлдзæф, йæ рустæ басырх сты, йæ цъæх цæстытæ æрттивынц. Куыстмæ сыхаг хъæуæй цæуы, уыцы иу рæстæгыл «маршруткæ» вæййы æмæ йæ йæ хæдзарыл сæмбæлын кæны. Йе 'мкусджытæ йыл тыхсынц, йæ транспортон фæрæз куы аирвæза, уæд ма цæуыл ацæудзæн, зæгъгæ.

Сæн æмæ бæгæны сæ кæнон бакодтой, сылгоймæгтæ ссæртæг сты, хъæлдзæг худт райхъуысы сæ агъуыстæй. Сæ иу афтæ:

– Зæрæда, цалынмæ ма рухс у, уæдмæ дæ хæдзар бацагур, æндæра фæндагыл цы не 'рцæуы, тагъд аталынг вæййы, æмæ дын афтæмæй исчи тыхми дæр бакæндзæн...

Сылгоймæгтæ ныччырчыр кодтой. Зæрæда йæ къухтæ йы сины сæртыл авæрдта æмæ сын æцæгхуызæй афтæ:

– Уæдæ ныр цалынмæ æрталынг уа, уæдмæ æнхъæлмæ кæсон?!.



*Иу гыццыл ма, æмæ дын харбыз ауæй кæндзæн.*

Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ



**Анекдоттæ зындгонд адæмы цардæй**



**Æфсæддон балхонæг Филипп Македойнаджы бафарстой:**
**– Паддзах, бердзенæгтæн рæдау лæвæрттæ цæмæн кæныс, цъыфкалæн дыл куы кæнынц, уæд?**
**Филипп сын дзуапп радта:**
**– О, фæлæ ма ахъуыды кæнут, куыд уыдаид, æвзæр цæстæй сæм куы ракастаин, уæд?**

***



Архимедмæ уыдис дыууæ гæдыйы – гыццыл æмæ стыр. Уыдон æй æдзух философон сагъæстæй иппæрд кодтой, дуар сæ ныхтæй хыртт-хыртт кодтой, æддæмæ сæ фæндыд. Уæд Архимед дуары дыууæ хуынчъы скодта – стыр æмæ гыцыл, ома дыууæ гæдыйæн дæр.

Йæ зонгæ сæ бафиппайдта æмæ йæ фæрсы:
– Дыккаг хуынкъ та ма цæмæ скодтай, гыццылдæр гæдыйæн дæр стыр хуынкъыл абырын йæ бон куы у?
Архимед йæ къæбут аныхта:
– Уый мæ сæр куы не 'рцахста...

***



**«Божественная комедия»-йы автор Данте йæ райгуырæн бæстæйы æфхæрдтытæ бавзæрста æмæ уымæ гæсгæ Веронæмæ алыгъд. Уым æй, паддзахиуæг чи кодта, уый йæ галуаны суазæг кодта. Фæлæ генион поэтмæ байхъусыны бæсты йæ быдзæуимæ (шут) йæ рæстæг æрвыста.**
**Паддзахмæ хæстæг чи уыд, уыдонæй иумæ уый хъыг фæкаст, æмæ йæ хъуыдытæ Дантейæн загъта. Поэт ын дзуапп радта:**
**– Уым диссагæй ницы ис. Алчидæр йæхи хуызæтты фæуарзы...**

***



Петр I Меньшиковы тынг бирæ уарзта, фæлæ-иу кънйазы арæх лæдзæгæй дæр æрхоста. Иу хатт та се 'хсæн хъаугъа куы рауад, уæд Меньшиковыл тыхджын цæфтæ ауад – паддзах ын йæ фындзы туг æруагъта, йæ цæсты бын тынг бацъæх. Уый фæстæ йæ атардта ахæм ныхæстимæ: «Ахъуытты у ардыгæй, куыдзæйгуырд, æмæ дæ къах дæр ам куыд нал уа, афтæ бакæн!» Меньшиков паддзахы ныхас куыд нæ хъуамæ сæххæст кодтаид, фæлæ иу минуты фæстæ йæ кабинетмæ æрбахызт... йæ къухтыл!

***



**Денис Давыдов иу хатт авангардмæ кънйаз Багратионмæ æрбахæццæ æмæ йын афтæ: «Сæйраг командæгæнæг бардзырд радта дæ бæрзонддзинадæн зæгъын, знаг нæ фындзыл кæй ис (на носу), æмæ куры, цæмæй æвæстиатæй уæ бынатæй сыстат æмæ фæстæмæ ацæуат, фæсыдз кæнат. Багратион дзуапп радта: «Знаг нæ фындзыл и? Кæй фындзыл? Кæд дæ фындзыл, уæд хæстæг у, кæд мæ фындзыл, уæд та ма сихор бахæрын нæ бон у».**

***



Иу хатт Пушкин бадти графы кусæн уаты æмæ цавæрдæр чиныг каст. Граф йæ акомкоммæ диваныл хуыссы, пъолыл та фыссæн съолы раз йæ дыууæ сывæллоны хъазыдысты.
– Сашæ, экспромтæй ма исты зæгъ, – дзуры граф Пушкинмæ.
Пушкин, иу уысм нæ ахъуыдыгæнгæйæ, тагъд-тагъд сдзырдта:
– Детина полоумный лежит на диване.
Графы зæрдæ фæхудт æмæ йын мæстыхуызæй афтæ:
– Æнхъæлдæн, дæхи ферох кодтай, Александр Сергеевич.
– Граф, раст мæ нæ бамбæрстай. Æз афтæ загътон:
– Дети на полу, умный лежит на диване.

***



**Император Александр III куы паддзахиуæг кодта, уыцы заман иу салдат Орешкин паддзахы арахъхъы дуканийы (кабак) тынг банызта, фæрасыг æмæ абухын байдыдта. Архайдтой, цæмæй йæхимæ æрцæуа, амыдтой йын императоры портретмæ, кæд æрсабыр уаид, зæгъгæ. Уый сын дзуапп радта: «Уæ императорыл уын ту кæнын!» Æрцахстой йæ æмæ йыл хъуыддаг сарæзтой, императоры кæй бафхæрдта, уый тыххæй. Император æм куы 'ркаст, уæд бамбæрста, хъуыддаг ницæйаг кæй у, уый, æмæ, цы папкæйы уыдис, ууыл резолюци бафыста: «Хъуыддаг ныхгæнут, Орешкины суæгъд кæнут, фидæнмæ мын мæ портреттæ кабакты мауал ауындзут, Орешкинæн фехъусын кæнут, æз дæр ыл ту кæй кæнын».

Аивад

# Зындгонд актеры номыл

**Театр æмæ киноаивады таурæгъон актер, РЦИ-Алани æмæ Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист, режиссер æмæ æхсæнадон архайæг УАТАТЫ Бимболаты кадæн Цæгат Ирыстон-Аланийы Национ музейы байгом равдыст «Легенда, эпоха, вершина...»**





– Бибо бахаста тынг ирд æмæ стыр æвæрæн нæ Ирыстоны культурæмæ. Сæххæст ыл уыдаид 85 азы, æмæ махæн нæ бон нæ уыд ахæм хъуыддаг æнæрымысгæйæ ныууадзын. Тынг æхсызгон нын у, уый бæрц адæм кæй æрбамбырд, уый, – загъта Национ музейы генералон директор **Цуциты Аслан**.

Уататы Бимболат, адæм æй зонынц Бибойæ, сценæйы равдыста ирд æмæ, ферох кæмæн нæй, ахæм фæлгонцтæ: Таймураз – «Легенда о любви», Данко – «Горящее сердце», Аслæнбег – «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ», Король Лир – «Король Лир», царь Эдип – «Эдип царь» æмæ адæмæн иннæ уарзон фæлгонцтæ. Бибо ахъазыд фæндзай театралон ролæй фылдæры, кинойы та – æртынæй фылдæры.

– Абоны мадзал у тынг вазыгджын, уымæн æмæ, цы куырыхон адæймаджы мысæм, уымæн йæ ном сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыд æрмæст Ирыстоны культурæйы историйы нæ, фæлæ æппæт адæмы культурæйы историйы дæр. Æнæмæнг, Уататы Бибо уыд уæларвон цæхæрæй хайджын, уый йæ курдиат адæмæн лæвар кодта парахатæй, æмæ йæ ном рохуаты макуы баззайæд. Абон мах нæ сæртæй ныллæг кувæм, чидæриддæр бар дары ацы равдыст бацæттæ кæнынмæ, уыдонæн, стыр бузныг уын уæд, – загъта Цæгат Ирыстон-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ**.

Адæм ын йæ актерон хъазтмæ кастысты цымыдисæй, йæ алы куыст дæр æвдыста ирдæй, адæймаг-иу райста арф æнкъарæнтæ йæ хъазтæй, кæмдæр-иу цæссыг æрæппæрста, кæмдæр та-иу худгæ кодта. Уый ууыл дзурæг у, адæмæн уарзон æмæ стыр курдиаты хицау кæй уыд.

Уататы Бибо ссис 1994 азы цæгаткавказаг регионы фыццаг артист, хорзæхджын чи 'рцыд ном «Человек-народное достояние России»-йæ.

Равдыстмæ æрбацыдысты йæ зонгæтæ, хæлæрт-тæ, æмкусджытæ, æмæ йын йæ аивадмæ æмхиц чи у, уыдон, схайджын кодтой иннæ уазджыты Бибоимæ баст историтæй. Зындгонд актер уыд, уый чи нæ зоны, ахæм адæймаг, æвæццæгæн, нæй, фæлæ ма, цы стыр зæрдæйы хицау уыд, уый дæр нын радзырдтой.

Равдыст байгом кодтой «Уацамонгæ»-йы къорд, азарыдысты дыууæ зарæджы. Экрантыл та æвдыст цыдысты, Уататы Бибо цы кинонывты хъазыд, уыдон.

Бацæттæ йæ кодта Цæгат Ирыстон-Аланийы Национ музей. Равдыст ахæсдзæн 15 апрелмæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## Арфæ Хъæдохты Анатолийы чызг Аринæйæн



*Æхсæз азы бæрц кусы Дзæуджыхъæуы буæрттæ æмæ нуæртты низтæ дзæбæхгæнæн рынчындоны æнæзивæг æмæ цæстуарзонæй дохтыр Хъæдохты Аринæ.*

*Толдзгуыны астæуккаг скъола фæуыны фæстæ бацыд Цæгат Ирыстоны медицинон институтмæ æмæ йæ каст фæцис 2003 азы, уый фæстæ æрвыст æрцыд Мæскуымæ ординатурæмæ Адæмты хæлардзинады университетмæ, косметологийы хайадмæ.*

*Йæ дæсныйады фæдыл ма ахуыр кодта Ленинграды косметикон æмæ дерматологион низтæ лазерон технологитæм гæсгæ дзæбæх кæныныл. Йæ куыст бирæ уарзы Аринæ. Цы адæм æм æрбацæуы, уыдон бузныгæй баззайынц йæ аудындзинад æмæ архайдæй, зæрдиагæй йын фæарфæтæ кæнынц. Хорз у адæмæн лæггад кæнын, адæм кæрæдзийы фæрцы сты!*

*Ацы уалдзыгон бонты йæ кадджын юбилей у нæ уарзон дохтырæн, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ куысты бирæ æнтыстдзинæдтæ! Дæ дыууæ фырты хорздзинæдтæй дæ зæрдæ райæд кæддæриддæр! Дидинæгджын уалдзæг уын, Аринæ, уæ райдзаст хæдзармæ фарн æмæ амонд æрбахæссæд!*

**Дæ хæрзтæ чи нæ рох кæны, уыдоны къорд**



Хæрзаудæн мадзал

## Равдыст – «Нæ рæстæджы хъайтартæ»

**Республикæйы Нывгæнджыты цæдисы Равдыстыты залы байгом уыдзæн, сæрмагонд хæстон операцийы Ирыстонæй чи архайы, уыцы хъæбатырты портретты равдыст.**

Фæндзай хъæбатыры хуызисты радта Нывгæнджыты цæдисмæ фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты» комитеты ирыстойнаг хайад. Нырыдæгæн архайд цæуы уыдонмæ гæсгæ сæрмагонд хæстон операцийы архайджыты портретты галерея саразыныл. Равдыст нысан кæнынц майы мæйы дыккаг æмбисы Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы байгом кæнын. Йæ рæстæг куы 'рцæуа, уæд портреттæ лæвæрæн ратдзысты хъæбатырты бинонтæ æмæ хæстæджытæн. Уыцы хæрзаудæн мадзал сæххæст кæнынил архайы, рæхджы 85 азы кæуыл сæххæст уыдзæн, уыцы Нывгæнджыты цæдис.

Республикæйы хицауады 'ххуысæй сæрмагонд хæстон операцийы архайджыты портретты равдыст саразыны оргкомитеты уæнгтæм бацыдысты дины кусæг **Хъуысаты Игорь**, Цæгат Ирыстон æмæ Хуссар Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы сæрдартæ **Мæргъиты Таймураз** æмæ **Бититы Алан**, æнæкоммерцион фонд «Арт-Кавказ»-ы сæрдар **Николай Хлынцов**, «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты» республикон хайады разамонæг **Хетæгкаты Маринæ** æмæ йæ хæдивæг **Таисия Кобзева**.

Равдыст «Нæ рæстæджы хъайтартæ»-йы архайынмæ хуынд цæуынц профессионалон нывгæнджыты, нывкæнынад æмæ графикæйы техникæйы куыстытæ исынц, 80:60; 75:60; 70:60 ас кæмæн ис, ахæм куыстытæ. Равдысты нысан у – сæрмагонд операцийы архайджыты портретон галерея саразын, семæ иудзинад равдисын, рæзгæ фæлтæры патриотон æмæ граждайнаг хъомылады фарстатыл архайын, фæлтæрты 'хсæн монон бастдзинады тæгтæ фидардæр кæнын, стæй нывгæнджыты граждайнаг æмæ сфæлдыстадон æгъдауæй разæнгард кæнын æмæ сфæлдыстадон æвæрæнты рæзтыл кусын.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:**

**1. Хохыл ахизæн бынат. 4. Уæрм, дзыхъхъ. 6. Горæт Томскы облæсты. 7. Цæрæнбынат. 8. Незаманты егъау цæрæгой. 10 Мæнгагъуыст, тапка. 13. Тæрхонгонд адæмы бынат. 15. Стыр хохы рæгътæ Сахарæйы. 16. Адæймаджы æвдисæн документ. 17. Барст дын уæд ацы хатт ацы ... ! (Къоста) ”Бирæгъ æмæ хърихъупп”. 18. Хæдбар. 23. Къостайы радзырд. 30. Зындгонд советон ахуыргонд-конструктор. 31. Зад хусгæнæн бынат. 33. Литературон уацмыс. 34. Ирон грамматикон хауæн. 36. Африкæйаг паддзахады цæрæг. 38. Иузæрдион. 39. Хæрынæн бæзгæ гагадыргъ. 40. Стыр, дынджыр. 41. Йæ амондагурæг. 42. Курорт Абхазы.**

**БЫНЫРДÆМ:**

**2. Уæзæг. 3. Быд кæлмæрзæн. 4. Лæмæгъ, мæтъæл, уæнгмард. 5. Хæрынæн бæзгæ зайæгхал. 7. Мæнæуы хуымы фæскъау, холлаг. 9. Сæры хай. 11. Цæугæдон Фæскавказы. 12. Цæхæрадоны халсары хуым. 13. Æхсарджын, сахъ. 14. Æлвисæн мигæнæн. 18. Афæдзы афон. 19. Æфсæддон дæлхай. 20 Зонын, дæ зæрдæ, куыд ... мæ цуры. (Къоста) ”Хæрзбон”. 21. Зæрæстон зæхх. 22. Æппæты стырдæр цæугæдон Албанийы. 24. Райгæ зæрдæ. 25. Æндон. 26. Хæрынæн бæзгæ судзаг хъæддаг зайæгой. 27. Афæдзы мæйтæй иу. 28. Музыкалон уацмыс. 29. Арæзтадон æрмæг. 30. Раздарæн. 32. Ирон фыссæджы фæсномыг. 35. Фатеры документ. 37. Цыбыр рæстæджы æмгъуыд.**

## Дзуаппытæ 30 мартъийы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:**

**1. Судздза. 5. Одæ. 7. Æда. 9. Рæстæмбæлæг. 14. Лух. 15. Уыг. 16. Рæхснæг. 18. Сынтæ. 19. Сасир. 20. Гæнгæлы. 23. Угæс. 25. Диди. 28. Тæрх. 31. Рихи. 34. Раггæнд. 37. Ихфæз. 38. Заман. 39. Алæмæты. 42. Джа. 43. Æрх. 44. Рæвдауæндон. 48. Хом. 49. Дес. 50. Хуылыдз.**

**БЫНЫРДÆМ:**

**2. Уат. 3. Зым. 4. Згæ. 5. Облæст. 6. Æрхæндæг. 7. Æгуыстад. 8. Ангара. 10. Сæрæгас. 11. Æхх. 12. Бон. 13. Лæгсырд. 17. Саг. 21. Нывгæнæг. 22. Æмдзæвгæ. 23. Уарт. 24. Æбар. 26. Инди. 27. Ичъи. 29. Æнæфсарм. 30. Хæрзаив. 31. Радзырд. 32. Хуымгæнд. 33. Зилдух. 35. Гам. 36. ... æнæхæс... . 40. Æна. 41. ... æмæ ... . 45. Дау. 46. ... уал ... . 47. Нуд.**


## Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3242. Заказ № 361. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**